

Vwayaje san Danje Atravè Kanpis la - Rapèl Enpòtan pou tout Moun

29 Janvyè 2025

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

N ap ekri w pou n raple w kèk pwèn enpòtan k ap ede nou kreye yon anviwònman transpò ki pi sekirize nan UMD.

Li enpòtan pou chak nan nou priyorize sekirite pandan n ap kondi bisiklèt, kondui machin epi pakin nan kanpis la, sitou pandan sezon fredyè a lè vizibilite a bese ak sifas ki glise yo ka prezante lòt risk. Tanpri kenbe tèt ou ak lòt moun an sekirite, nan swiv **règ ak règleman nou yo**.

Bagay kle pou sonje:

- **Rete vizib.** Mete rad ki gen koulè klere oswa ki ka reflekte; limen limyè sou bisiklèt/ eskoutè. Mete kas nan tèt ou.
- **Respekte lwa trafik yo, tankou limit vitès la sou kanpis la ki se 15 mph; kanpe nan siy estòp, pasaj pou pyeton yo ak limyè wouj trafik.** Lwa sa yo pwoteje sekirite tout moun.
- **Rete previzib.** Rete nan wout ou epi tann tou pa w pou w avanse - pa plede ap fè zigzag nan liy lan lè gen ti avanse oswa lè gen blokis.
- **Kite twotwa ak pasaj pou pyeton yo, moun ki gen mobilite limite ak moun ki ap kondi bisiklèt oswa eskoutè.** Pyeton yo dwe itilize twotwa yo epi yo dwe evite mache nan wout oswa sou pis pou bisiklèt yo eksepte nan pasaj yo make pou pyeton yo.
- **Monte aparèy mikwomobilite yo sèlman nan liy bisiklèt ak sou wout yo.** Vitès rapid yo ka kreye danje pou pyeton yo. Epi toujou travèse vwa Purple Line nan yon ang 90 degre.
- **Kenbe veyikil mikwomobilite yo deyò epi pake nan zòn ki fèt pou yo.** Pake nan sipò ki pou bisiklèt ak zòn pakin deyò - bloke aparèy ou a nan lòt kote tankou ranp

anpeche aksè pou moun ki gen mobilite limite. Epi pa janm itilize, chaje oswa estoke aparèy elektrik pa andedan paske batri lityòm yo ka pran dife.

- **Nou youn veye sou lòt.** Fè atansyon ak lòt veyikil epi ak pyeton yo. Veyikil ak motè **k ap fè vire tounen sou pis pou bisiklèt** yo oswa nan pasaj ki dispoze pou pyeton yo dwe kite espas sa yo pou bisiklèt ak pou pyeton yo.

Depatman Polis Inivèsite Maryland lan ap fè tout lwa sou sikilasyon yo respekte. Veyikil Mikwomobilite ki estasyon an **vyolasyon ak règleman ADA** oswa yo jwenn andedan bilding kanpis yo, y ap sezi yo epi y ap gen amann. Anplis de sa, veyikil yo jwenn andedan yo pral refere bay **Biwo Konduit Etidyan** oswa **Biwo Dwa ak Responsabilite** Lavi Rezidan.

Kijan ou ka ede!

- Si w temwen oswa patisipe nan yon kolizyon oswa si w bezwen asistans, rele Polis Kanpis la imedyatman nan **301-405-3333**.
- Mansyone konpòtman ki pa an sekirite nan **Biwo Konduit Etidyan**.
- Sèvi ak zouti UMD 311 nan **aplikasyon UMD** pou rapòte nenpòt veyikil oswa aparèy mikwomobilite deyò ki pa kòrèk (sou kanpis lekòl la).
- Rapòte nenpòt machin mikwomobilite andedan yon bilding bay DOTS lè w sèvi avèk **fòm sou entènèt** yo a.
- Lè w ap rapòte, pataje nimewo anrejistreman an oswa plak la, kote yo ye a ak yon foto, si sa posib.

Mèsi pou kowoperasyon w nan kesyon enpòtan sa a. Ansanm nou ka amelyore sekirite transpò nan UMD.

Sensèman,

Bob Reuning

Vis Prezidan ak Direktè Administratif anchèf

John David Allen

Direktris Egzekitif, Depatman Sèvis Transpò

David B. Mitchell

Chèf Lapolis/Direktè Sekirite Piblik